# यूहन्ना के दूसरी पत्री

1हम बुजुर्ग के ओर से, ओह महिला के —
जे परमेश्वर के जरिए चुनल गइल बाड़ी, अउर उनकर
बालकन के नाम, जिनका के हम, सच के सहभागी व्यक्ति
के रूप में, प्रेम करेनी।
सिर्फ हमही तहरा से प्रेम ना करेनी, बल्कि उ सब तहरा से
प्रेम करेलन, जे सच्चाई के जान गइल बाड़न। 2उ, ओही सच
के कारन भइल बा, जे हमनी में रहेला, अउर जवन हमेशा
हमेशा हमनी के साथ रही।
3परम पिता परमेश्वर के ओर से, उनकर अनुग्रह, दया
अउर शांति हमेशा हमनी के साथ रही, अउर परम पिता
परमेश्वर के पुत्र यीशु मसीह के ओर से, सच्चाई अउर प्रेम में,
हमनी के स्थिति बनल रही।
4तोहार पुत्र-पुत्री सब के, ओह सच के मुताबिक जीवन
जिअत देखि के, जेकर आज्ञा हमनी के परमपिता से मिलल
बा, हम बहुत खुश भइल बानी 5अउर अब हे अउरत, हम
तहरा के कवनो नया आदेश ना, बल्कि ओही आदेश के
लिख रहल बानी, जेकरा के हमनी के अनादि समय से पवले
बानी जा, कि हमनी के आपस में प्रेम करे के चाहीं। 6प्रेम के
मतलब इहे बा, कि हमनी के उनके आदेश पर चलीं जा। ई उहे
आदेश हऽ जेकरा के तू शुरू से ही सुनले बाड़ऽ, कि तहरा
प्रेम के साथ जिये के चाहीं।

7संसार में बहुत लोग भटकावे वाला बाड़न। अइसन
आदमी, जे ई ना मानेला कि एह धरती पर, मनुष्य के रूप
में यीशु मसीह आइल बाड़न, उ छली बा, अउर मसीह के
दुश्मन बा। 8अपना के सावधान बनवले राखऽ! जवना से
कि, तू उनका के गँवा मति दऽ, जेकरा खातिर हमनी के[a]
कड़ा मेहनत कइले बानी जा, बल्कि तहरा तऽ, तोहार पूरा
प्रतिफल लेबे के बा।
9जे केहू बहुत दूर चलि जाला, अउर मसीह के बारे में
दिहल गइल सच्चा उपदेश में टिकल ना रहेला, उ परमेश्वर
के हासिल ना करेला, अउर जे उनकर शिक्षा में बनल रहेला,
परमपिता अउर पुत्र दूनो ओकरा पास बाड़न। 10अगर केहू
तहरा पास आके, एह उपदेश के नइखे देत, तऽ अपना घर
पर ओकर आदर सत्कार मति करऽ, अउर ओकरा स्वागत
में नमस्कार भी मति करऽ। 11काहेंकि जे अइसन आदमी के
सत्कार करेला, उ ओकर गलत काम में भागीदार बनेला।
12ओइसे तऽ तहरा के लिखे खातिर, हमरा पास बहुत
बात बाड़ीसऽ, बाकी हम ओह सब के, कलम अउर सिआही
से लिखल नइखीं चाहत। बल्कि हमरा भरोसा बा, कि तहरा
पास आके, आमने-सामने बइठि के, बात करब। जवना से
हमनी के आनन्द पूरा होखे। 13तोहार बहिन[b] के पुत्र-पुत्री
सब के तहरा के नमस्कार पहुँचे।

---

[a] ***8* हमनी के** कुछ यूनानी प्रति में "तहनी के" बा।
[b] ***13* बहिन** पद 1 के "महिला" के बहिन। एइजा ई अइसन मालूम पड़त बा, कि ई दोसर अउरत हऽ, चाहे फेरु कवनो दोसर कलीयिसा।